

MANYÈL ENFÒMASYON POU MANM OU AN CHANJE

NOUVO SÈVIS YO AP ANTRE AN APLIKASYON 1YE AVRIL 2025

Sèvis Doula yo

Sa a se yon avi enpòtan konsènan avantaj plan Medicaid managed Care ou a. Tanpri, pran san w pou w li l byen. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri rele nou nan 800.303.9626 (TTY: 711).

Apati **1ye Avril 2025**, MetroPlusHealth pral kouvri sèvis doula pandan gwosès ak jiska 12 mwa apre fen gwosès la, kèlkeswa fason gwosès la fini. Kounye a, manm yo ka jwenn sèvis doula lè yo itilize kat Medicaid yo. Apati **1ye Avril 2025**, ou ka itilize kat plan MetroPlusHealth ou a pou resevwa sèvis doula yo.

Kisa yon Doula ye?

Doula yo bay sipò fizik, emosyonèl, edikatif, ak sipò ki pa medikal pou moun ki ansent ak sa ki fèk akouchman anvan, pandan, ak apre akouchman oswa fen gwosès.

Ki Sèvis Doula ki Disponib?

Sèvis doula yo ka gen ladan jiska uit (8) vizit ak yon doula pandan ak apre gwosès ak sipò kontinyèl pandan tranche ak akouchman. Si ou vin ansent ankò nan 12 mwa apre yon premye gwosès, kalifikasyon w pou sèvis doula yo ap rekòmanse ak nouvo gwosès la. Yo p ap transfere okenn sèvis doula ki pa itilize nan gwosès anvan an.

Sèvis doula yo gendwa gen ladan yo:

- Devlopman yon plan akouchman;
- Sipò kontinyèl pandan tout gwosès la;
- Sipò kontinyèl pandan tranche ak akouchman;
- Edikasyon ak enfòmasyon sou gwosès, akouchman, ak premye etap nan edikasyon parantal yo;
- Ede w kominike ak founisè swen medikal ou yo; epi
- Konekte w ak resous sou akouchman ak edikasyon parantal ki baze nan kominote a.

Kalifikasyon

Si w ansent oswa si w te ansent pandan 12 dènye mwa yo, ou kalifye pou sèvis doula yo. Ou kalifye pou sèvis sa yo nan chak gwosès.

Si ou te kòmanse resevwa sèvis doula nan men yon doula ki enskri nan Medicaid anvan 1ye avril 2025, sèvis doula ou yo ap kontinye kouvri jiska 12 mwa apre fen gwosès ou a. Si ou kòmanse resevwa sèvis doula a 1ye Avril 2025 oswa apre, doula ou a dwe patisipe nan MetroPlusHealth.



50 Water St., 7th Floor • New York, NY 10004
1.800.303.9626 • TTY: 711 • metroplus.org

Pou aprann plis konsènan sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 (TTY: 711).